




Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

KI PEMANAHAN : MADEGE KRATON MATARAM

KI PEMANAHAN : BERDIRINYA KRATON MATARAM

Penulis : Anung Tedjowirawan

Ilustrator : Banuarli Ambardi





Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

KI PEMANAHAN : MADEGE KRATON MATARAM

KI PEMANAHAN : BERDIRINYA KRATON MATARAM

Penulis : Anung Tedjowirawan
Ilustrator : Banuarli Ambardi
Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**KI PEMANAHAN MADEGE KRATON MATARAM
(KI PEMANAHAN BERDIRINYA KRATON MATARAM)**

Penulis : Anung Tedjowirawan

Ilustrator : Banuarli Ambardi

Penerjemah : Anung Tedjowirawan

Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih

Penata Letak : Husnul Latif

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-602-259-924-1 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic

ii, 44 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Ki Ageng Enis peputra Ki Pemanahan. Ki Ageng Peti peputra Ki Penjawi. Pasedulurane Ki Pemanahan, Ki Penjawi, lan Ki Juru Mertani rumaket banget. Katedune banjur meguru marang Sunan Kalijaga lan dadi sapeguron karo Adipati Pajang, Sultan Hadiwijaya.

Sabanjure, Ki Pemanahan, Ki Penjawi, sarta Ki Juru Mertani suwita marang Adipati Pajang.

Ki Ageng Enis berputra Ki Pemanahan, Ki Ageng Peti berputra Ki Penjawi. Persaudaraan Ki Pemanahan, Ki Penjawi, dan Ki Juru Mertani sangat akrab. Ketiganya kemudian berguru kepada Sunan Kalijaga dan menjadi seperguruan dengan Adipati Pajang yang juga disebut sebagai Sultan Hadiwijaya.


Selanjutnya Ki Pemanahan, Ki Penjawi, serta Kiai Juru mengabdi pada Adipati Pajang.

Ing sawijining dina, Sunan Kudus nampa pisowane Arya Penangsang kang uga kasebut Adipati Jipang. Sunan Kudus ngendika yen durung marem manawa Arya Penangsang durung bisa dadi ratu. Adipati Pajang dianggep dadi pepalang amarga panjenengane uga pengin dadi ratu. Mula, Sunan Kudus njaluk supaya Adipati Jipang merjaya Adipati Pajang sarana sesidheman.

Arya Jipang enggal ngutus kajineman kang tangguh lan sekti. Arya Penangsang pancen nglatih lan nggembeleng para pengawale. Patang kajineman pinaringan pusaka keris Kyai Setan Kober kanggo merjaya Adipati Pajang utawa Sultan Hadiwijaya. Sabanjure kajineman papat kuwi banjur nyamar dadi wong tani lan mlebu metu kraton Pajang.

Diceritakan pada suatu ketika, Sunan Kudus menerima kedatangan Arya Penangsang yang juga disebut sebagai Adipati Jipang. Sunan Kudus mengatakan belum puas apabila Arya Penangsang belum menjadi raja. Adipati Pajang dianggap menjadi penghalang, sebab beliau juga menginginkan menjadi raja. Oleh karena itu, Sunan Kudus meminta agar Adipati Jipang membunuh Adipati Pajang secara diam-diam.

Arya Jipang segera mengutus para pembunuh bayaran yang tangguh lagi sakti. Arya Penangsang memang sudah melatih dan menggembeleng para pengawalnya untuk pekerjaan pembunuhan. Empat pembunuh bayaran itu diberi keris pusaka Kyai Setan Kober untuk membunuh Adipati Pajang atau Sultan Hadiwijaya. Selanjutnya empat pembunuh bayaran menyamar menjadi petani dan menjelajahi bagian luar dan dalam Kraton Pajang.



Sawise mangertenipapan pasareyane Sultan Hadiwijaya, kajineman papat banjur ngrapal mantra sirep. Wong-wong ing sajroning kraton padha turu kepati. Semono uga Kangjeng Sultan Hadiwijaya. Kajineman telu banjur merjaya Sultan Hadiwijaya nganggo Keris Setan Kober. Nanging, keris pusaka Kyai Setan Kober ora mempan.

Wektu semana Ki Pemanahan lan Ki Penjawi lagi mubeng rondha. Nalika anggonemubeng tekankamar pasareyane Sultan Hadiwijaya, kekarone sumurup ana pawongan nyalawadi. Ki Pemanahan lan Ki Penjawi gage ngrangket duratmaka utusane Arya Penangsang iku. Dumadakan keprungu swara jerit saka sajroning kamar pasareyane Sultan Hadiwijaya. Jebul, swara tangise emban sing tangi lan weruh Sultan disuduki keris. Nanging, Sultan Hadiwijaya ora tumama.

Setelah empat pembunuhan bayaran mengetahui tempat tidur Sultan Hadiwijaya, kemudian merapal mantra sirep. Orang-orang seisi keraton menjadi tidur nyenyak. Demikian pula Kangjeng Sultan Hadiwijaya. Ketiga pembunuhan bayaran segera menusuk berulang kali Sri Sultan Hadiwijaya dengan Keris Setan Kober. Ternyata Keris Kyai Setan Kober tidak artinya ketika menghadapi kesaktian Sri Sultan.

Waktu itu, Ki Pemanahan dan Ki Penjawi sedang berjaga meronda. Ketika meronda sampai di kamar tidur Sultan Hadiwijaya, keduanya mengetahui seseorang yang berjaga-jaga. Ki Pemanahan dan Ki Penjawi segera menangkap dan meringkus pencuri utusan Arya Penangsang. Tiba-tiba terdengar suara jeritan dari dalam kamar tidur Sultan Hadiwijaya. Ternyata suara tangisan para emban yang bangun dan melihat Sri Sultan ditusuk keris.

Sultan wungu awit kaget krungu panjeriting embane kanthi nguncalake kemule. Kemule Sultan nibani duratmaka. Tetelune padha ambruk mutah getih lan dadi lempoh. Ki Pemanahan lan Ki Penjawi didhawuhi Sultan niti priksa duratmaka mau. Duratmaka papat waleh manawa diutus Arya Penangsang saperlu merjaya Sultan Hadiwijaya.

Sultan ora duka, malah paring pangapura awit duratmaka wis nindakake dhawuhe gustine. Sabanjure, duratmaka papat kineng bali menyang Jipang lan diparingi klambi, emas, lan dhuwit. Nanging, keris Kyai Setan Kober ditinggal lan dipasrahake marang Ki Pemanahan. Ki Pemanahan kanthi sesidheman ngeterake duratmaka papat tekan njaban praja Pajang.

Sri Sultan bangun dari tidurnya sebab terkejut mendengar jeritan embannya sehingga dirinya melemparkan selimut. Selimut Sultan Hadiwijaya menjatuhi pencuri (pembunuhan bayaran). Ketiganya jatuh muntah darah dan menjadi lumpuh. Ki Pemanahan dan Ki Penjawi diperintahkan Sultan Hadiwijaya untuk memeriksa pencuri tersebut. Keempat pencuri berterus terang bahwa mereka diutus Arya Penangsang untuk membunuh Sri Sultan Hadiwijaya.

Sri Sultan tidak marah, bahkan memberi maaf, sebab para pembunuhan bayaran tersebut melaksanakan perintah tuannya. Selanjutnya, keempat pencuri disuruh kembali ke Jipang dan diberi pakaian, emas, dan uang. Akan tetapi, Keris Kyai Setan Kober ditinggal dan diserahkan pada Ki Pemanahan. Ki Pemanahan dengan diam-diam mengantarkan keempat pencuri sampai ke luar Kraton Pajang.

Arya Penangsang eram geneya keris Kyai Setan Kober ora bisa nyedani Sultan Hadiwijaya. Kajineman paring pamrayoga marang Arya Penangsang supaya nindakake rekadaya murih sedane Sultan Hadiwijaya. Arya Penangsang matur marang Sunan Kudus supaya nimbalii Sultan Pajang tindak Kudus. Pawadane, Kangjeng Sunan Kudus bakal bawarasa ngelmu kang sinengker. Kanthi mangkono, Arya Penangsang nduweni kalodhangan adhep-adhepan lan merjaya Sultan Hadiwijaya.

Sunan Kudus nayogyani usulane Arya Penangsang banjur kirim utusan menyang Pajang. Sultan Hadiwijaya gugup maos nawalane Sunan Kudus. Biasane, Sultan amung nampa nawala saka Sunan Giri. Sultan Hadiwijaya banjur nimbalii Ki Pemanahan lan Ki Penjawi saperlu ngrembug nawalane Sunan Kudus.

Arya Penangsang heran, Keris Kyai Setan Kober tidak bisa membunuh Sultan Hadiwijaya. Pembunuh bayaran mengusulkan pada Arya Penangsang supaya menjalankan daya upaya agar Sultan Hadiwijaya terbunuh. Arya Penangsang mengatakan pada Sunan Kudus supaya memanggil Sultan Pajang menghadap ke Kudus. Adapun sebagai alasannya, Kangjeng Sunan Kudus akan berdialog tentang ilmu rahasia yang disimpan rapat. Dengan demikian di Kudus nanti Arya Penangsang memiliki kesempatan berhadapan langsung dan dapat membunuh Sultan Hadiwijaya.

Sunan Kudus menyetujui usulan Arya Penangsang, karena itu segera mengirim utusan ke Pajang. Sultan Hadiwijaya merasa gugup membaca surat dari Sunan Kudus, sebab biasanya surat itu dari Sunan Giri. Kemudian, Sultan Hadiwijaya memanggil Ki Pemanahan dan Ki Penjawi untuk membicarakan surat Sunan Kudus.

Sunan Kudus kuwi senapati perange para wali, temtu nawala mau ana gayute karo perang. Ki Pemanahan mrayogakake tindake Sultan Hadiwijaya menyang Kudus sinartan prajurit perang. Ki Penjawi ngaturake panemu manawa nawala kuwi ana gayutane karo para kajineman.

Ki Pemanahan atur pamrayoga tindake Sultan Hadiwijaya menyang Kudus dipantha loro. Sultan Hadiwijaya tindak dhisik nitih kuda didherekake prajurit pilihan pirang atus. Rombongan kapindho mujudake pasukan angkatan perang sing dipimpin dening Patih Mancanagara. Tindake Sultan Hadiwijaya sarombongan wis tekan Kudus. Panjenengane enggal sowan Sunan Kudus. Sultan Hadiwijaya lengkah ana pendhana. Ki Pemanahan sarta Ki Penjawi ana ing sisih tengen lan kiwane.

Sunan Kudus merupakan senapati perang para wali, tentu surat tadi ada kaitannya dengan perang. Oleh karena itu, Ki Pemanahan menyarankan perjalanan Sultan Hadiwijaya ke Kudus disertai prajurit perang. Ki Penjawi mengemukakan pendapat bahwa surat tersebut ada kaitannya dengan para pembunuhan bayaran.

Ki Pemanahan menyarankan perjalanan Sultan Hadiwijaya ke Kudus dibagi dua. Sultan Hadiwijaya disarankan berjalan lebih dulu naik kuda diiringi beberapa ratus prajurit pilihan. Rombongan kedua merupakan pasukan angkatan perang yang dipimpin oleh Patih Mancanagara. Perjalanan Sultan Hadiwijaya dan rombongan sudah sampai di Kudus. Sultan Hadiwijaya segera menghadap Sunan Kudus. Sultan Hadiwijaya duduk di pendapa. Ki Pemanahan serta Ki Penjawi duduk di sebelah kanan dan kirinya.

Ngabehi Loring Pasar ana ngarep sisih kiwane Sultan Hadiwijaya karo ngligan keris. Kabeh prajurit wira tamtama tansah waspada padha linggih samburine Sultan Hadiwijaya. Sunan Kudus ndhawuhi Arya Penangsang menyang pendhapa nemoni Sultan Hadiwijaya. Arya Penangsang ngangen-angen bakal kasil merjaya Sultan nganggo kerise dhewe.

Arya Penangsang mbagekake rawuhe Sultan Hadiwijaya ing Kudus merga suwe ora ketemu. Arya Penangsang takon keris apa sing diselipake dening Sultan Hadiwijaya. Sultan Hadiwijaya asung wangsulan manawa keris sing digawa arane Kyai Cubruk. Sultan Hadiwijaya banjur ngulungake salah siji kerise marang Arya Penangsang.

Ngabehi Loring Pasar di depan sebelah kiri Sultan Hadiwijaya dengan keris terhunus. Semua prajurit wira tamtama selalu waspada mereka duduk di belakang Sultan Hadiwijaya. Sunan Kudus menyuruh Arya Penangsang ke pendapa menemui Sultan Hadiwijaya. Arya Penangsang berangan-angan akan berhasil membunuh Sultan Hadiwijaya dengan keris (Sultan) sendiri.

Arya Penangsang menyambut kedatangan Sultan Hadiwijaya di Kudus sebab sudah lama tidak bertemu. Arya Penangsang menanyakan keris yang diselipakan Sultan Hadiwijaya. Sultan Hadiwijaya menjawab bahwa keris yang dibawa bernama Kyai Cubruk. Sri Sultan lalu menyerahkan salah satu kerisnya pada Arya Penangsang.

Arya Penangsang karo ngunus keris takon, “Apa keris iki sekti, Adhimas Sultan?” Ki Pemanahan lan Ki Penjawi ngaturi sasmita supaya Sultan Hadiwijaya ngati-ati. Mula, Sultan Hadiwijaya kanthi cepet ngunus keris liyane karo atur wangulan, “Keris iki luwih sekti, Kangmas. Jenenge Kyai Cubruk. Yen kesenggol keris iki, wong bisa mati”.

Arya Penangsang ngendika, “Keris sing tak gegem iki miturut pamawasku apik banget”. Sultan Hadiwijaya ngendika, “Sanadyan padha dene apike, luwih apik sing tak gegem”. Arya Panangsang lan Sultan Hadiwijaya wis padha ngunus keris. Sunan Kudus miyos. Sunan Kudus ngendika, “Ana apa iki, apa arep padha dodolan keris?”

Arya Penangsang dengan menghunus keris bertanya, “Apakah keris ini sakti, Adinda Sultan?” Ki Pemanahan dan Ki Penjawi memberikan tanda agar Sultan Hadiwijaya berhati-hati. Karena itu Sultan Hadiwijaya dengan cepat menghunus keris lainnya dan menjawab, “Keris ini lebih sakti, Kanda. Namanya Kyai Cubruk, jika tersentuh bisa mati”.

Arya Jipang berkata, “Keris yang saya pegang ini menurut pandanganku sangat bagus”. Sultan Hadiwijaya berkata, “Meskipun sama bagusnya, lebih bagus yang saya pegang”. Arya Penangsang dan Sultan Hadiwijaya sudah saling menghunus keris. Sunan Kudus keluar. Sunan Kudus berkata, “Ada apa ini, apakah akan saling berjualan keris? ”.

“Uwis-wis, ayo, enggal padha disarungke meneh kerismu. Ora becik ditonton uwong!” Arya Penangsang lan Sultan Hadiwijaya mituhu dhawuhing Guru. Kekarone padha nyarungake kerise. Sunan Kudus ngendika, “Anakku, aja dibacutake. Becike sliramu kekarone padha rukun.” Sunan Kudus ndhawuhi supaya Arya Penangsang lan Sultan Hadiwijaya bali menyang pesanggrahane.

Pesanggrahane wadyabala Jipang ana ing sisih wetane Kali Bengawan Sore, wondene wadyabala Pajang sisih kulone. Patih Mancanagara kanthi wadyabala telung leksa (30.000) wis tekan Kutha Kudus. Sultan Hadiwijaya banjur mindhah pesanggrahan wadyabalane neng Desa Pajimatan, wewengkon Demak. Nalikaning wengi, Sultan Hadiwijaya wawan pangandikan karo Ki Pemanahan lan Ki Penjawi.

“Sudah-sudah, ayo, segera sarungkan kembali kerismu, tidak baik dilihat orang!”. Arya Penangsang dan Sultan Hadiwijaya menuruti perintah sang Guru. Keduanya sama-sama menyarungkan keris mereka. Sunan Kudus berkata, “Anakku jangan dilanjutkan. Lebih baik engkau berdua saling rukun”. Sunan Kudus memerintahkan agar Arya Penangsang dan Sultan Hadiwijaya kembali ke pesanggrahan.

Pesanggrahan bala tentara Jipang ada di sebelah timur Sungai Bengawan Sore, sedangkan bala tentara Pajang ada di sebelah barat. Patih Mancanagara dengan bala tentara tiga laksma (30.000) sudah sampai di Kota Kudus. Sultan Hadiwijaya lalu memindahkan pesanggrahan bala tentaranya di Desa Pajimatan, wilayah Demak. Pada waktu malam Sultan Hadiwijaya berembug dengan Ki Pemanahan dan Ki Penjawi.



Ki Pemanahan ngaturake kahanane Mas Ratu Kalinyamat sawise ditinggal Sunan Prawata. Mas Ratu Kalinyamat sedhiih banget amarga garwane uga diperjaya Arya Penangsang. Panjenengane nyuwun keadilaning Pangeran sarana tapa brata tanpa busana ana ing Gunung Danaraja. Prasetyane, dheweke ora bakal ngagem sinjang manawa Arya Penangsang durung tumekaning pati.

Ki Pemanahan ngaturi pamrayoga supaya Sultan Hadiwijaya tuwi kasugengane Mas Ratu Kalinyamat. Sabanjure, Sultan Hadiwijaya didherekake Ki Pemanahan, Ki Penjawi, lan Ngabehi Loring Pasar menyang Gunung Danaraja. Mas Ratu Kalinyamat nemoni Sultan Hadiwijaya ana sajabaning kamar kang katutup. Sultan Hadiwijaya ngaturi pamrayoga supaya Mas Ratu Kalinyamat nglereni anggone tapa brata.

Ki Pemanahan menyampaikan keadaan Mas Ratu Kalinyamat setelah ditinggalkan Sunan Prawata. Mas Ratu Kalinyamat sangat bersedih hati sebab suaminya juga dibunuh Arya Penangsang. Dia meminta keadilan kepada Yang Maha Kuasa dengan cara bertapa tanpa busana di Gunung Danaraja. Sumpah janjinya tidak akan memakai kain apabila Arya Penangsang belum terbunuh.

Ki Pemanahan menyarankan agar Sri Sultan Hadiwijaya menjenguk keadaan Mas Ratu Kalinyamat. Selanjutnya, Sultan Hadiwijaya dengan didampingi Ki Pemanahan, Ki Penjawi, dan Ngabehi Loring Pasar menuju ke Gunung Danaraja. Mas Ratu Kalinyamat menjumpai Sultan Hadiwijaya dari balik bilik yang tertutup. Sultan Hadiwijaya menyarankan agar Mas Ratu Kalinyamat menghentikan tapa bratanya.

Ananging, panjenengane wus prasetyabakalnglerenitapabratane sawise Arya Penangsang pralaya. Mas Ratu Kalinyamat nyuwun tulung marang Sultan Hadiwijaya supaya merjaya Arya Penangsang. Sapa sing bisa merjaya Arya Penangsang bakal diganjar negara dening Prawata lan Kalinyamat. Mas Ratu Kalinyamat kagungan pangarep-arep Sultan Hadiwijaya bisa nyembadani panyuwune.

Sultan Hadiwijaya ngendika manawa panjenengane ora kuwawa ngadhepi kasektene Arya Penangsang. Mas Ratu Kalinyamat kuciwa marang Sultan Hadiwijaya, mula tekane kaanggep tanpa guna. Ki Pemanahan banjur mbisiki Sultan Hadiwijaya supaya bab iki dipenggalih dhisik. Bengi iki padha dirembug bebarengan. Dina sesuk sing bakal atur wangsulan.

Akan tetapi, dirinya sudah bersumpah akan menghentikan tapa brata setelah Arya Penangsang mati. Mas Ratu Kalinyamat meminta bantuan kepada Sultan Hadiwijaya agar membunuh Arya Penangsang. Siapa saja yang bisa membunuh Arya Penangsang akan dihadiahidi Negara Prawata dan Kalinyamat. Mas Ratu Kalinyamat berharap Sultan Hadiwijaya dapat memenuhi permintaannya.

Akan tetapi, Sultan Hadiwijaya mengatakan dirinya tidak sanggup menghadapi kasaktian Arya Penangsang. Mas Ratu Kalinyamat kecewa terhadap Sultan Hadiwijaya, sehingga kedatangannya dianggap tak berguna. Ki Pemanahan lalu berbisik pada Sultan Hadiwijaya agar persoalan ini dipikirkan terlebih dahulu. Malam ini dapat dibicarakan bersama, adapun besok baru akan memberikan jawaban.

Sultan Hadiwijaya banjur matur marang Mas Ratu Kalinyamat, panyuwune bakal dipenggalih dhisik. Panjenengane bakal bali menyang pesanggrahan. Ratu Kalinyamat nayogyani lan nunggu keputusane Sultan Hadiwijaya. Sultan Hadiwijaya kondur menyang pesanggrahan Pajimatan, nanging Ki Pemanahan ora ndherekake. Awit Ki Pemanahan arep atur pamrayoga supaya panjangkane Mas Ratu Kalinyamat kasil.

Ki Pemanahan ngaturi pirsa marang Mas Ratu Kalinyamat bab kekurangane Sultan Hadiwijaya. Miturut Ki Pemanahan, kekurangane Sultan Hadiwijaya kuwi seneng nyawang kenya-kenya ayu. Ki Pemanahan asung pamrayoga supaya Mas Ratu Kalinyamat masang kenya-kenya ayu. Sultan Hadiwijaya supaya diundang, kareben panjenengane kepranan marang kenya-kenya ayu mau.

Sultan Hadiwijaya lalu mengatakan pada Mas Ratu Kalinyamat bahwa permintaannya akan dipikirkan dahulu. Sultan Hadiwijaya akan kembali ke pesanggrahan. Ratu Kalinyamat menyetujui dan menunggu keputusan Sultan Hadiwijaya. Sultan Hadiwijaya kembali ke pesanggrahan Pajimatan, tetapi Ki Pemanahan tidak mengiringkannya. Ki Pemanahan akan menyarankan Mas Ratu Kalinyamat agar keinginannya dapat berhasil.

Ki Pemanahan memberitahu Mas Ratu Kalinyamat tentang kelemahan Sultan Hadiwijaya. Menurut Ki Pemanahan kekurangan Sultan Hadiwijaya adalah kesenangannya melihat gadis-gadis cantik. Ki Pemanahan menyarankan supaya Mas Ratu Kalinyamat memajang gadis-gadis cantik. Sultan Hadiwijaya hendaknya diundang, agar baginda tertarik pada gadis-gadis cantik tersebut.

Sultan Hadiwijaya manawa ngersakake kenya-kenya mau, disuwun ngleksanani pamundhute minangka syarat. Kanthi cara mengkono Sultan Hadiwijaya bakal tuwuh semangate ngadhepi Arya Penangsang. Iguh pratikele Ki Pemanahan mau bakal dituruti lan ditindakake Mas Ratu Kalinyamat. Dina esuke Sultan Hadiwijaya nimbali Ki Pemanahan saperlu ngrengbug pamundhute Ratu Kalinyamat.

Sultan Hadiwijaya ngendika marang Ki Pemanahan, sabenere panjenengane sungkan merjaya Arya Penangsang. Ki Pemanahan atur pamrayoga supaya Sultan Hadiwijaya ngleksanani pamundhute Ratu Kalinyamat. Awit amung Sultan Hadiwijaya kang disuwuni pitulungan, panjenengane mengko bisa golek rekada. Okeh pawongan bisa dijaluki bantuan, mesthi ana kang kuwawa ngadhepi Arya Penangsang.

Apabila menghendaki gadis-gadis cantik itu, Sri Sultan diminta melaksanakan permintaan sebagai persyaratannya. Dengan cara demikian akan muncul semangat Sri Sultan dalam menghadapi Arya Jipang. Pemikiran Ki Pemanahan tersebut akan diikuti dan dilaksanakan oleh Mas Ratu Kalinyamat. Keesokan harinya, Sultan Hadiwijaya memanggil Ki Pemanahan untuk membicarakan permintaan Ratu Kalinyamat.

Sultan Hadiwijaya mengatakan pada Ki Pemanahan, sebenarnya dirinya enggan membunuh Arya Penangsang. Ki Pemanahan menyarankan agar Sultan Hadiwijaya melaksanakan permintaan Ratu Kalinyamat. Sebab hanya Sultan Hadiwijaya yang dimintai pertolongan, beliau bisa mencari cara. Ada banyak orang yang dapat dimintai bantuan, pasti ada yang mampu menghadapi Arya Penangsang.

Pengalihe Sultan Hadiwijaya lega, ngendikane, “Mengko bengi ingsun bakal nemoni Kang Mbok Kalinyamat”. Sultan Hadiwijaya didherekake Ki Pemanahan sarta patang puluh prajurit tindak menyang Gunung Danaraja. Sultan Hadiwijaya kaget weruh wanodya ayu loro linggih cedhak lawang kamar tutupan. Sejatine wanodya kuwi dudu selire Sunan Prawata, nanging bojone prajurit telik sandi.

Sultan Hadiwijaya ngendika marang Pemanahan, “Kakang, sapa sing duwe bojo ayu kuwi?” Ki Pemanahan atur wangsulan, “Menawi panduga kawula, wanodya kekalih punika garwanipun Sunan Prawata ingkang sampun seda.” Sultan ngendika maneh, “Kakang, kepriye manawa wanodya ayu kuwi ingsun suwun. Apa sekirane Kang Mbok Kalinyamat maringake wanodya ayu loro kuwi marang ingsun?”

Sultan Hadiwijaya merasa lega. Beliau menyampikan, “Nanti malam saya akan menjumpai Kang Mbok Kalinyamat”. Sultan Hadiwijaya didampingi Ki Pemanahan serta empat puluh prajurit pergi menuju Gunung Danaraja. Sultan Hadiwijaya terkejut melihat dua wanita cantik duduk di dekat pintu kamar yang tertutup. Sebenarnya wanita itu bukan selir Sunan Prawata, melainkan istri prajurit telik sandi

Sultan Hadiwijaya berkata pada Pemanahan, “Kakang, siapa yang memiliki istri cantik itu?”. Ki Pemanahan menjawab, “Menurut perkiraan hamba, mereka istri Sunan Prawata yang sudah tiada”. Sri Sultan berkata lagi, “Kakang, bagaimana apabila wanita cantik itu aku minta. Apakah sekiranya Kang Mbok Kalinyamat memberikan kedua wanita cantik itu kepadaku?”.



Ki Pemanahan atur wangsulan, “Kok namung wanudya kalih punika, sanesipun ugi bakal dipunparingaken manawi Paduka nyagahi ngleksani pamundhutipun. Temtu Kang Mbok Kalinyamat mboten kawratan.”

Mas Ratu Kalinyamat ngendika, “Dhimas Sultan, apa rawuhmu wis nggawa putusaning pamundhutku?”

Sultan Hadiwijaya ngendika alon, “Kang Mbok Kalinyamat sampun kuwatos, kula sagahi. Kula sagah merjaya Arya Penangsang. Kula saged malesaken sedanipun garwanipun Kang Mbok Kalinyamat. Namung, kula nyuwun dhumateng Kang Mbok, bilih dipunkeparengaken wanudya kalih punika kula suwun.”

Mas Ratu Kalinyamat ngendika, “Aja maneh wanudya loro kuwi, bandha donya takcaosake.” Wanudya ayu loro didhawuhi maju. Kekarone linggih ndheku ing sangarepe Sultan Hadiwijaya.

Ki Pemanahan menjawab, “Jangankan hanya kedua wanita itu, yang lainnya pun akan diberikan apabila Paduka menyanggupi permintaan Kang Mbok Kalinyamat. Tentu beliau tidak keberatan”.

Mas Ratu Kalinyamat berkata, “Dinda Sultan, apakah kedatangan Dinda sudah membawa keputusan atas permintaanku? ”.

Sultan Hadiwijaya berkata pelan, “Kang Mbok Kalinyamat janganlah khawatir, Dinda menyanggupi. Dinda sanggup membunuh Arya Penangsang, Dinda dapat membalaskan kematian suami Kang Mbok Kalinyamat. Hanya saja, Dinda meminta pada Kang Mbok, bahwa kedua wanita itu Dinda minta”.

Mas Ratu Kalinyamat berkata, “Jangankan hanya kedua wanita itu, harta benda kuberikan”. Kedua wanita cantik disuruh maju. Keduanya duduk menunduk di hadapan Sultan Hadiwijaya.

Sultan Hadiwijaya sangsaya kesengsem marang wanudya loro mau. Nanging, rasa pangrasane disimpen. Sultan Hadiwijaya banjur ngendika, “Kang Mbok, kula nyuwun pamit badhe wangsul dhateng pasanggrahan. Kula nyuwun berkah Paduka supados saged malesaken seriking Paduka dhumateng Arya Penangsang. Kula mboten ajrih perang tandhing lumawan Arya Penangsang ing sadhengah papan.”

Sultan Hadiwijaya lan sapandhereke kondur menyang pasanggrahan. Wanudya ayu loro mau digawa nganggo joli. Satekane pasanggrahan, Sultan Hadiwijaya nimbali para mentri lan para prajurit. Piyambake mbiwarakake sayembara. Sapa sing bisa merjaya Arya Penangsang bakal diganjar Negeri Pati lan Mataram. Ananging, ora ana kang padha saguh lumawan Arya Penangsang.

Sultan Hadiwijaya semakin terpesona kepada kedua wanita itu, tetapi perasaannya disimpan. Sultan Hadiwijaya lalu berkata, “Kang Mbok, Dinda mohon diri akan kembali ke pesanggrahan. Dinda minta berkah Paduka agar dapat membalaskan sakit hati Paduka kepada Arya Penangsang. Dinda tidak takut berperang melawan Arya Penangsang di manapun tempatnya”.

Sultan Hadiwijaya dan pengiringnya kembali ke pesanggrahan. Kedua wanita cantik tadi dibawa menggunakan joli. Sesampainya di pesanggrahan Sultan Hadiwijaya memanggil para menteri dan prajurit. Beliau mengumumkan sayembara. Siapa yang dapat membunuh Arya Penangsang akan diberi hadiah Negeri Pati dan Mataram. Akan tetapi, takseorangpun yang sanggup melawan Arya Penangsang.

Ing sawijining wengi, prajurit jaga, sing bojone digawa Sultan Hadiwijaya, pirembugan karo kancane. Prajurit jaga sakancane telu mau mupakat semayanan bakal merjaya Sultan Hadiwijaya. Ing sawijining wengi, prajurit jaga cacah papat mlebu pasareyane Sultan Hadiwijaya kang nembe sare. Sultan Hadiwijaya bola-bali disuduki nganggo keris, nanging ora mempan.

Paragarwane Sultan Hadiwijaya nangis jerit-jerit. Sultan kaget lan wungu. Prajurit jaga mau ora kuwawa oncat saka panggonane. Kabeh padha gumeteran kaya lempoh. Sultan Hadiwijaya paring pangapura marang prajurit jaga papat, malahan pinaringan saprangkat klambi. Prajurit jaga mau banjur kiné cepet-cepet metu saka pasareyane Sultan Hadiwijaya.

Suatu malam, prajurit jaga, suami wanita yang dibawa Sultan Hadiwijaya, berunding dengan teman-temannya. Prajurit jaga dengan ketiga temannya bersepakat dan berjanji akan membunuh Sultan Hadiwijaya. Suatu malam keempat prajurit jaga masuk ke tempat tidur Sultan Hadiwijaya. Sultan Hadiwijaya yang sedang tidur berulang kali ditikam dengan keris, tetapi tidak mempan.

Istri-istri Sultan Hadiwijaya menangis menjerit-jerit. Sultan Hadiwijaya terkejut dan terbangun. Keempat prajurit jaga tidak sanggup pergi dari tempatnya, mereka gemetaran seperti lumpuh. Sultan Hadiwijaya memberikan pengampunan pada keempat prajurit jaga, bahkan diberi seperangkat pakaian. Keempat prajurit jaga lalu disuruh cepat-cepat keluar dari kamarnya.

Ki Pemanahan, Ki Penjawi, Ki Juru Mertani, Ian Ngabehi Loring Pasar ngremling sayembarane Sultan Hadiwijaya. Ki Juru Mertani rumangsa eman manawa bumi Pati lan Mataram tiba ing wong liya. Ki Juru Mertani mangerten i watak wantune Arya Penangsang sing gampang nesu lan brangasan. Manawa ditantang mungsuh, panjenengane bakal teka dhewe tanpa nggawa prajurit segelar sepapan.

Manawa Arya Penangsang teka dhewe, luwih gampang anggone merjaya. Manawa uwis sumadya, Ki Pemanahan mbesuke bakal marak sowan Sultan Hadiwijaya. Ki Juru Mertani kasil mbombong penggalihe Ki Pemanahan saingga nedya mupu sayembarane Sultan. Sabanjure, Ki Pemanahan, Ki Penjawi, Ngabehi Loring Pasar, lan Ki Juru Mertani ngadhep Sultan Hadiwijaya.

Ki Pemanahan, Ki Penjawi, Ki Jurumertani, dan Ngabehi Loring Pasar membicarakan sayembara Sultan Hadiwijaya. Ki Jurumertani merasa tidak rela apabila bumi Pati dan Mataram jatuh pada orang lain. Ki Jurumertani mengerti watak perilaku Arya Penangsang yang mudah marah dan berangasan. Apabila ditantang musuh, dirinya akan datang sendirian tanpa membawa prajurit yang sangat banyak.

Apabila Arya Penangsang datang sendirian, lebih mudah untuk mengeroyok sehingga tewas. Ki Pemanahan sudah bersiap dan besuk akan segera menghadap Sultan Hadiwijaya. Ki Jurumertani berhasil membesarkan hati Ki Pemanahan sehingga bersiap menjalani sayembara Sultan. Selanjutnya, Ki Pemanahan, Ki Penjawi, Ngabehi Loring Pasar, dan Ki Jurumertani menghadap Sultan Hadiwijaya.



Ki Pemanahan banjur matur, “Kawula sakulawarga sagah perang lumawan Arya Penangsang. Sultan kawula aturi wonten wingking.”

Sultan Hadiwijaya ngendika, “Kakang, ingsun muji syukur dene sira kang nyanggupi sayembaraningsun. Aja nganti Pati lan Mataram tiba marang wong liya. Kepriye rencanamu, Kakang? ”.

Ki Pemanahan atur wangsulan, “Mbenjang enjang prajurit Pajang supados siyaga sanjata jangkep. Ananging, sampun ngantos katingalan mengsa. Kawula sasedherek ingkang wonten ngajeng. Makaten rencananipun.”

Ki Pemanahan, Ki Penjawi, lan Ki Juru Mertani sawengi nutug ngrembug siasat perange. Ki Jurumertani ngendika, “Sesuk takgolek pekathik jarane Arya Penangsang.”

Ki Pemanahan berkata, “Hamba sekeluarga sanggup berperang melawan Arya Penangsang. Sri Sultan hamba minta berada di belakang supaya pandangan Arya Penangsang tertuju pada Paduka”.

Sultan Hadiwijaya berkata, “Kakang, aku mengucapkan puji syukur bahwa engkau yang menyanggupi sayembaraku. Jangan sampai Pati dan Mataram jatuh kepada orang lain. Bagaimana rencanamu, Kakang? ”.

Ki Pemanahan menjawab, “Besok pagi prajurit Pajang hendaknya bersiaga dengan persenjataan lengkap. Akan tetapi, jangan sampai terlihat musuh. Hamba bersama saudara yang berada di depan. Demikian rencananya”.

Ki Pemanahan, Ki Penjawi, dan Ki Jurumertani sepanjang malam membicarakan siasat perang. Ki Jurumertani berkata, “Besok aku akan mencari tukang rumput kuda Arya Penangsang”.

“Tukang ngarit mau bakal takcekel, sabanjure takwenehi layangpanantangsupayaditekakake marang Arya Penangsang. Dheweke mesthi nesu terus mangkat perang,” sambunge Ki Juru Mertani

Wong perang ora mung nggunakake kekuatane tenaga, nanging perlu meres nalar pikirane. Ki Juru Mertani uga parentah sinandi lan njlentrehake siasate marang para prajurit.

Sabanjure, prajurit Sela-Pajang budhal tanpa gegaman. Naning, gegamane diwenehake sajroning usungan. Ki Juru Mertani meling marang para prajurit manawa wis tekan Bengawan Sore kinen mandheg nunggu dhawuhe. Bengawan Sore mujudake kali gawean kawula Kraton Jipang jaman dhisik (abad XVI). Kali gawean mau suwangan ing Bengawan Solo sing ilining banyu ngliwati kutha Jipang.

“Tukang rumput itu akan kutangkap. kemudian akan kuberi surat tantangan agar disampaikan pada Arya Penangsang. Dirinya pasti marah lalu berangkat perang”, sambung Ki Jurumertani

Orang berperang tidak hanya menggunakan kekuatan tenaga, tetapi perlu memeras nalar pikiran. Ki Jurumertani juga memberi perintah rahasia dan menjelaskan siasat perang pada para prajurit.

Selanjutnya, prajurit Sela-Pajang berangkat tanpa senjata, tetapi senjatanya ditempatkan di dalam usungan. Ki Jurumertani berpesan pada para pajurit, apabila sudah sampai di Bengawan Sore supaya berhenti dan menunggu perintahnya. Bengawan Sore merupakan sungai buatan rakyat Keraton Jipang zaman dahulu (abad XVI). Sungai buatan itu bermuara di Bengawan Solo yang aliran airnya melewati kota Jipang.



Ing wayah sore, biyasane, banyu Bengawan Solo mbludag ngelebi kali gawean. Amarga mbludage Bengawan Solo, warga Jipang njenengake kali gawean mau *Bengawan Sore*. Bengawan Sore banjur diwenehi rajah utawa jimat (mantra) sing isine, “Sapa sing nyabrang Bengawan Sore tanpa ngliwati lawang kutha nagara (ibu kota) bakal mati.”

Dadi, Bengawan Sore mujudake beteng Kadipaten Jipang Panolan saka seranganing mungsuh. Sairing gumantining jaman, Beteng Bengawan Sore sangsaya cethek, malah banjur dadi rata. Beteng Bengawan Sore jaman saiki diurus warga kanggo tetanen kang lemahe subur. Kanggo mengeti Kraton (Kadipaten) Jipang, warga sakiwa tengen papan iku banjur padha mbangun *Gapura Replika*.

Pada waktu sore hari, Air Bengawan Solo biasanya meluap dan menggenangi sungai buatan. Karena meluapnya Bengawan Solo pada waktu sore, warga Jipang menamakan sungai buatan tersebut sebagai *Bengawan Sore*. Kemudian, Bengawan Sore diberi rajah atau jimat (mantra) yang isinya mistis, “Siapa yang menyeberang Bengawan Sore tanpa melewati pintu ibu kota akan mati”.

Karena itu, Bengawan Sore merupakan benteng pertahanan Kadipaten Jipang Panolan dari serangan musuh. Seiring pergantian zaman Benteng Bengawan Sore semakin dangkal, bahkan kemudian menjadi rata. Zaman sekarang Benteng Bengawan Sore dikelola masyarakat untuk lahan pertanian yang subur. Karena itu, sebagai pengingat kejayaan Keraton (Kadipaten) Jipang, masyarakat membangun *Gapura Replika*.

Pesanggrahane prajurit Pajang ana ing sisih kulone Bengawan Sore, dene Prajurit Jipang ing sisih wetane. Ki Juru Mertani wis gawe layang tantangan kang isine ngina banget Arya Penangsang. Ki Jurumertani bebarengan Ki Pemanahan lan Ki Penjawi nggoleki pekathike Arya Penangsang. Sawise ditemokake, pekathik diringkus lan dilarani, banjur dikalungi layang panantang dening Pemanahan.

Pekathik sing kelaran terus mlayu nangis bakal nglaporake marang Arya Penangsang. Pekathik sing gubras getih mau enggal mlebu kadipaten, nanging diendheg Patih Mataun. Kaya ngene iki sing dikarepake Ki Juru Mertani supaya Arya Penangsang muntab dukane. Wong sura sekti gampang nesu bakal kurang prayitna, *yitnayuwana lena kena*.

Pesanggrahan prajurit Pajang berada di sebelah barat Bengawan Sore, prajurit Jipang di sebelah timur. Ki Jurumertani sudah membuat surat tantangan yang isinya sangat menghina Arya Jipang. Ki Jurumertani bersama Ki Pemanahan dan Ki Penjawi mencari tukang pencari rumput kuda Arya Penangsang. Setelah diketemukan tukang rumput itu diringkus disakiti, kemudian dikalungi surat tantangan oleh Ki Pemanahan.

Tukang rumput yang kesakitan itu terus berlari sambil menangis akan melaporkannya pada Arya Penangsang. Tukang rumput yang berlumuran darah itu segera masuk kadipaten, tetapi dihentikan oleh Patih Mataun. Hal inilah yang diharapkan Ki Jurumertani, agar Arya Penangsang marah. Orang pemberani lagi sakti tapi mudah marah akan menjadi kurang waspada, *hati-hati selamat, lengah terkena*.

Arya Penangsang nyuwun pirsa Patih Mataun, sapa sing gawe ribut neng njaba. Ananging, Patih Mataun ngaturi gustine Arya Penangsang supaya ngrampungke anggone dhahar dhisik. Arya Penangsang banget kagete sawise nguningani pekathik kinasihe nganti gubras getih. Apa maneh, sawise nampa lan maos nawala panantang saka prajurit tamtama Pajang.

Dukane tan kena sinayudan.
Meja dhaharan diantem sora.
Piring mangkok sumebar ing jogan.
Arya Penangsang mbengok sora marang prajurite supaya enggal nyiapake titihane, Gagak Rimang.
Arya Penangsang ngagem ageman perang banjur nitahi Gagak Rimang kang wus sumadya. Sang Adipati Arya Penangsang ngasta pusaka tombak Danang Mungsuh. Ki Matahun ngaturi gustine supaya sabar.

Arya Penangsang bertanya pada Patih Mataun, siapa yang membuat gaduh di luar. Akan tetapi, Patih Mataun meminta tuannya Arya Penangsang agar menyelesaikan makannya terlebih dahulu. Arya Penangsang sangat terkejut setelah mengetahui pembantu yang disayangi sampai bercucuran darah. Apalagi setelah menerima dan membaca surat tantangan dari prajurit tamtama Pajang.

Kemarahannya tak dapat dibendung, meja makan dihantam dengan keras, piring mangkok berhamburan di lantai. Arya Penangsang berteriak pada prajurit agar segera menyiapkan kendaraannya, Gagak Rimang. Arya Penangsang memakai pakaian perang lalu menaiki Gagak Rimang yang sudah siap. Sang Adipati, Arya Penangsang, membawa pusaka Tombak Danang Mungsuh. Ki Matahun meminta tuannya untuk bersabar.



“Duh Sang Adipati, kawula aturi saranta sawatawis. Paduka tengga prajurit rumiyin. Sampun ngantos paduka bidhal piyambakan. Mangga bidhal sesarengan. Menika namung paekadayaning mengsa”, ature Ki Matahun

Ananging, Sang Adipati Arya Penangsang ora karenan midhangetake ature Patih Mataun. Piyambake malah tambah duka. Ki Arya Mataram uga nyandhet kangmase. Ngendikane, “Kangmas, Paduka sabar rumiyin.”

Adipati Jipang ngendika, “Dhimas, menenga wae. Ingsun ora wedi. Rasah melu-melu! Wis lumrah wong perang iku dikroyok. Ingsun ora bakal sumingkir. Dhimas lan ingsun sedulur beda ibu, dadi Dhimas ora kendel kaya ingsun.”

Arya Mataram sekel penggalihe lan ngendika, “Inggih sampun Kangmas, manawi mboten saged dipuncandhet.”

“Duh gusti, Sang Adipati, hamba harap bersabar sebentar Paduka tunggu prajurit dahulu. Jangan sampai paduka berangkat sendirian, marilah berangkat bersama-sama, sebab ini jebakan musuh”, kata Ki Matahun

Akan tetapi, Sang Adipati Arya Penangsang tidak senang mendengar perkataan Patih Mataun, bahkan bertambah marah. Ki Arya Mataram juga mencegah kakaknya, katanya: “Kanda, Paduka sabarkan dahulu”.

Adipati Jipang Arya Penangsang berkata, “Dinda diamlah saja, aku tidak takut, tidak usah ikut-ikutan! Sudah biasa orang di peperangan dikeroyok ramai-ramai, aku tidak akan menyingkir. Dinda dan aku saudara berbeda ibu, jadi Dinda tidak seberani sepertiku”

Arya Mataram jengkel dan berkata “Ya sudahlah Kanda, apabila tidak dapat dicegah”.

Arya Penangsang ngetap titihane, turangga Gagak Rimang saengga kaya mabur, mbradhat tumuju menyang Bengawan Sore. Patih Matahun nitih turangga saperlu nututi Adipati Arya Penangsang. Nanging, gandheng uwis sepuh, Patih Matahun ora bisa nututi. Ing sisih kulone Bengawan Sore, Juru Mertani, Pemanahan, Penjawi, lan Ngabehi Loring Pasar wus padha siaga. Nalika Arya Penangsang katon, bendhe Kyai Becakkatabuh. Uninengumandhang pinangka tandha ungguling yuda.

Prajurit Sela-Pajang lan Jipang wus adhep-adhepan pinisah Bengawan Sore. Ana wewaler, sapa sing nekad nyabrang Bengawan Sore bakal nemoni tiwas. Adipati Jipang mbengok sora, “He, sapa sing gawe layang tantangan, mreneya, nyabranga!” Prajurit tamtama-wong Sesela mangsuli, “Sing nulis layang panantang gustiku, Adipati Pajang, Sultan Hadiwijaya!”

Arya Penangsang mengertak kuda Gagak Rimang dengan tumitnya. sehingga seperti terbang menuju Bengawan Sore. Patih Matahun naik kuda untuk mengejar Adipati Arya Penangsang. Akan tetapi, karena sudah berusia lanjut, Patih Matahun tidak dapat mengejar, bahkan justru semakin jauh. Di sebelah barat Bengawan Sore, Jurumertani, Pemanahan, Penjawi, dan Ngabehi Loring Pasar bersiaga. Ketika Arya Penangsang terlihat, bende Ki Becak dipukul dan bunyinya berkumandang, pertanda kemenangan.

Prajurit Sela-Pajang dan Jipang sudah saling berhadapan, tetapi terpisah Bengawan Sore. Ada pantangan, barang siapa yang nekat menyeberangi Bengawan Sore, akan menemui kematian. Adipati Jipang Arya Penangsang berseru: “Hai siapa yang membuat surat tantangan, kemari, menyeberanglah!”. Prajurit tamtama-orang Sesela menjawab, “Yang menulis surat tantangan gustiku, Adipati Pajang, Sultan Hadiwiyaja!”

“Kowe wae nyabranga tak adhepi ijen padha ijen. Aja mandheg ing pinggir kali!” bacute para prajurit. Sang Adipati nyabet titihane, Gagak Rimang. Kanthi trengginas. Gagak Rimang nyebur Bengawan Sore. Gagak Rimang nglangi cepet kayadene perahu dikayuhentuk angin. Gigirejaran ora teles. Para prajurit tamtama-wong Sesela surak-surak. Pemanahan, Penjawi, Jurumertani, Sutawijaya waspada.

Satekane pinggir kali, Arya Penangsang ditusuk tombak tohokan lembing. Nanging, piyambake ora tatu. Gagak Rimang wus ana samadyaning barisan mungsuh. Para prajurit sing diterjang kuda mblasah. Prajurit sing padha rubuh malah kaya dadi kretek tumrape Gagak Rimang kang lagi ngamuk. Kuda Gagak Rimang nyokot, nyepak, lan ngidak-idak prajurit sing wis rubuh.

“Kamu saja menyeberanglah aku hadapi satu lawan satu, jangan berhenti pinggir sungai!” lanjut para prajurit. Sang Adipati menyambuk kudanya, Gagak Rimang, dengan cekatan masuk ke aliran Bengawan Sore. Gagak Rimang berenang cepat seperti perahu dikayuh mendapat angin, punggungnya tidak basah. Para prajurit tamtama-orang Sesela bersorak-sorai. Pemanahan, Penjawi, Jurumertani, Sutawijaya waspada.

Sesampainya di pinggir sungai, Arya Penangsang ditusuk tombak tohokan lembing, tetapi tidak terluka. Gagak Rimang sudah berada di tengah barisan musuh, orang-orang yang diterjang kuda terkapar. Prajurit yang roboh seperti jembatan bagi Gagak Rimang yang sedang mengamuk. Kuda Gagak Rimang menggigit, menyepak, dan menginjak-injak prajurit yang sudah roboh.

Wong Sesela akeh kang dadi banten, nandhang tatu lan nemoni pati. Arya Penangsang diserang bola-bali, nanging ora digatekake. Arya Penangsang mung arep nggoleki Adipati Pajang, Hadiwijaya. Arya Penangsang ngamuk punggung nggoleki Hadiwijaya. Para tamtama Sesela nglawan. Wusanane, lambung tengene Arya Penangsang kena tombak nganti ususe mrodhol-mrodhol.

Usus kang mrodhol mau dening Arya Penangsang banjur disampirake ana wrangka kerise sinambi tetep terus ngamuk perang. Arya Penangsang niat mati kanthi nggawa korban prajurit Pajang-Sesela sakokeh-okehe. Raden Ngabehi Loring Pasar ora sabar. Tanpa idin Ki Pemanahan, Raden Ngabehi tumuju palagan perang. Raden Ngabehi nitih kuda manggul tombak Kyai Pleret mrepeki pangamuke Arya Penangsang.

Orang Sesela banyak yang menjadi korban, terluka dan menemui ajalnya. Arya Penangsang diserang berulangkali, tetapi tidak dihiraukannya. yang dicari hanya Adipati Pajang Hadiwijaya. Arya Penangsang mengamuk membabi buta sambil mencari Adipati Hadiwijaya. Para tamtama Sesela melawan. Akhirnya, lambung sebelah kanan Arya Penangsang terkena tombak, ususnya terburai keluar.

Usus Arya Penangsang lalu disampirkan di tempat kerisnya, tetapi tetep mengamuk. Arya Penangsang berniat mati dengan membawa banyak korban prajurit Pajang-Sesela. Raden Ngabehi Loring Pasar tidak sabar. Tanpa izin Ki Pemanahan, Raden Ngabehi menuju medan perang. Raden Ngabehi naik kuda memanggul tombak Kyai Pleret dan mendekati Arya Penangsang yang mengamuk.

Arya Penangsang mrayogakake Ngabehi Loring Pasar ninggalake palagan. Aja nganti cilaka. Juru Mertani waspada. Jaran wedok titihane Raden Ngabehi sing suraine dicukur cendhak diculke. Ngerti ana jaran wedok, Gagak Rimang seneng. Dheweke banjur mlumpat lunjak-lunjak. Titihane Raden Ngabehi mlayu tanpa bisa dikendhaleni. Raden Ngabehi nyekeli guluning jaran. Awit kedadeyan mau, Ngabehi Loring Pasar nibakake supata mangkene, “Besuk, anak putuku, manawa perang, aja numpak jaran sing suraine dicukur cendhak.”

Gagak Rimang kang kesenengan weruh jaran wedok banjur lunjak-lunjak. Bab kuwi njalari Arya Penangsang ora bisa ngarahake tombake marang mungsuh-mungsuhe.

Arya Panangsang menyarankan Ngabehi Loring Pasar meninggalkan medan perang, jangan sampai celaka. Jurumertani waspada, kuda betina kendaraan Raden Ngabehi yang surainya dipotong pendek dilepaskan. Gagak Rimang senang melihat kuda betina. Dirinya lalu melompat melonjak-lonjak. Kendaraan Raden Ngabehi berlari tanpa bisa dikendalikan. Raden Ngabehi memegangi leher kudanya.

Karena kejadian itu, Ngabehi Loring Pasar menjatuhkan sumpah “Besok, anak cucuku, apabila perang, jangan naik kuda yang surainya dipotong pendek”. Gagak Rimang belum puas melihat kuda betina, bahkan melonjak-lonjak. Akibatnya Arya Penangsang tidak bisa mengarahkan tombaknya kepada musuh-musuhnya.

Ngabehi Loring Pasar Sutawijaya ngrangsang saka ngisor nganggo tombak Kyai Pleret. Tombak Kyai Pleret ngenani dhadhane Arya Penangsang. Arya Penangsang dhawah saka titihane, gugur. Layone dirumat becik dening prajurit Pajang. Patih Mataun teka ngamuk punggung. Nanging, banjur dikroyok dening prajurit Pajang engga gugur ing palagan perang.

Prajurit Jipang banget sedhihe nguningani sedane gustine, Arya Penangsang lan Patih Mataun. Ngabehi Loring Pasar mbengok marang prajurit Jipang supaya kabeh padha teluk. Sawuse padha rembugan, prajurit Jipang wusana teluk merga gustine wus seda.

Ngabehi Loring Pasar Sutawijaya menyerang dari bawah dengan Tombak Kyai Pleret. Tombak Kyai Pleret mengenai dada Arya Penangsang. Arya Penangsang jatuh dari kendaraannya, gugur. Jenazahnya dirawat dengan baik oleh prajurit Pajang. Patih Mataun tiba dan mengamuk membabi buta, tetapi dikeroyok prajurit Pajang sehingga meninggal.

Prajurit Jipang sangat bersedih mengetahui tewasnya gustinya, Arya Penangsang dan Patih Mataun. Ngabehi Loring Pasar berseru kepada prajurit Jipang supaya semua takluk. Setelah berembug, akhirnya prajurit Jipang takluk, sebab gustinya sudah gugur.

Juru Mertani paring pamrayoga manawa sing merjaya Arya Penangsang kuwi Pemanahan lan Penjawi. Pamrayogane Ki Juru Mertani disarujuki. Ki Pemanahan lan Ki Penjawi ginanjar bumi Pati lan Mataram. Sultan Hadiwijaya karenan penggalihe. Kanthi mangkono, bumi Pati lan Mataram ora kecekel ing tanganing liyan.

Sabanjure, Ki Pemanahan kadhwuhan ngedum ganjaran, milih Bumi Pati utawa Mataram. Ki Pemanahan milih bumi Mataram sing isih wujud alas gung liwang-liwung. Sultan Hadiwijaya banjur maringake negeri Pati marang Ki Penjawi. Sultan Hadiwijaya ngendika supaya Ki Pemanahan sabar anggone nampa bumi Mataram.

Ki Jurumertani menyarankan bahwa yang membunuh Arya Penangsang adalah Pemanahan dan Penjawi. Saran Ki Jurumertani disetujui agar Pemanahan dan Penjawi dihadiahi bumi Pati Mataram. Sultan Hadiwijaya senang sebab yang membunuh adalah Ki Pemanahan dan Ki Penjawi. Sebab dengan demikian bumi Pati dan Mataram tidak jatuh pada orang lain.

Kemudian Ki Pemanahan disuruh membagi hadiah, memilih bumi Pati atau Mataram. Ki Pemanahan memilih bumi Mataram yang masih berupa hutan belantara. Kemudian Sultan Hadiwijaya memberikan negeri Pati kepada Ki Penjawi, agar diatur dengan baik. Adapun Sultan Hadiwijaya mengatakan supaya Ki Pemanahan bersabar dalam menerima bumi Mataram.

Bumi Mataram kawulane isih sithik lan isih awujud alas gung liwang-liwung. Sabanjure, Sultan Hadiwijaya ndhawuhi Penjawi tumuju Pati lan Pemanahan menyang Gunung Danaraja. Mas Ratu Kalinyamat bungah penggalihe awit Arya Penangsang wus tumekaning pralaya. Panjenengane maringake bandha donya saisine Kalinyamat sarta mirah *Menjangan Bang, si Uluk.*

Sabanjure, Pemanahan lan Juru Mertani nyuwun pamit dhateng Mas Ratu Kalinyamat saperlu kondur marang Pajang. Kondure priyagung kasebut mampir ing Dhukuh Sesela saperlu ngajak keluwargane pindhah menyang Pajang. Sawise Juru Mertani lan Pemanahan tekan Kadipaten Pajang, kekarone enggal sowan Sultan Hadiwijaya. Sultan Hadiwijaya amung ngersakake remaja putri kang durung akhil baliq supaya dijaga.

Sebab rakyat bumi Mataram masih sedikit dan wilayahnya masih berupahutanbelantara. Selanjutnya Sultan Hadiwijaya menyuruh Penjawi menuju Pati dan Pemanahan ke Gunung Danaraja. Mas Ratu Kalinyamat senang hatinya, sebab Arya Penangsang sudah tewas. Dirinya memberikan harta benda seisi Kalinyamat serta mirah *Menjangan Bang, si Uluk.*

Selanjutnya, Pemanahan Jurumertani berpamitan pada Mas Ratu Kalinyamat untuk kembali ke Pajang. Kembalinya kedua priyayi luhur tersebut singgah di Desa Sesela untuk mengajak keluarganya berpindah ke Pajang. Sesampainya di Kadipaten Pajang, Jurumertani dan Pemanahan segera menghadap Sultan Hadiwijaya. Sultan Hadiwijaya hanya menginginkan remaja putri yang belum akhil baliq supaya dijaga.

Wektu terus lumaku. Dina, minggu, wulan, lan warsa. Pemanahan nunggu paringane bumi Mataram. Ananging, Sultan Hadiwijaya tetep durung maringake bumi Mataram. Ki Pemanahan pegel penggalihe. Ki Juru Mertani asung pemut Pemanahan supaya sabar merga ratu ora bakal dora. Ki Pemanahan rumangsa lingsem marang para sentana. Mula, panjenengane linggar saka kraton.

Ki Pemanahan banjur mapan ana ing Desa Bang Lampir lan ora atur seba. Sawijining dina, Sunan Kalijaga rawuh ing Bang Lampir saperlu ngaruhake Ki Pemanahan, siswane. Ki Pemanahan matur marang bapa gurune manawa gustine, Sultan Hadiwijaya, cidra ubayane. Bumi Mataram kang wus dijanjekake dening Sultan Hadiwijaya tumekane saiki durung diparingake.

Waktu terus berjalan, hari, minggu, bulan, tahun, Pemanahan menunggu pemberian bumi Mataram. Akan tetapi, Sultan Hadiwijaya tetap belum memberikan bumi Mataram, Ki Pemanahan jengkel hatinya. Ki Jurumertani mengingatkan agar Pemanahan bersabar, sebab raja tidak akan berbohong. Ki Pemanahan merasa malu kepada para sentana, karena itu dirinya pergi dari Kraton.

Ki Pemanahan lalu bertempat tinggal di Desa Bang Lampir, tidak menghadap di balai penghadapan. Pada suatu hari, Sunan Kalijaga datang ke Bang Lampir untuk menengok keadaan muridnya, Ki Pemanahan. Ki Pemanahan mengatakan pada gurunya bahwa gustinya, Sultan Hadiwijaya ingkar janji. Bumi Mataram yang sudah dijanjikan oleh Sultan Hadiwijaya sampai sekarang belum diberikan.

Sunan Kalijaga paring panglipur marang siswane lan bakal biyantu ngrampungake perkara kasebut. Sunan Kalijaga banjur ngantri Ki Pemanahan nemoni Sultan Hadiwijaya ing Kadipaten Pajang. Sunan Kalijaga nakokake apa sebabe Sultan Hadiwijaya ora enggal maringake bumi Mataram. Sultan Hadiwijaya ora wani dora marang bapa gurune, mula banjur atur waleh.

Mataram durung diparingake marang Pemanahan awit Sultan Hadiwijaya kuwatir marang ngendikane Sunan Giri. Sultan kuwatir manawa ing bumi Mataram bakal ana kang madeg ratu kaya ing Pajang. Sunan Kalijaga njaluk Ki Pemanahan prasetya marang Sultan Hadiwijaya, Sunan Kalijaga nyekseni. Ki Pemanahan prasetya marang Sultan. Nanging, ora bisa njanjekake sawise dheweke.

Sunan Kalijaga menghibur muridnya dan akan membantu menyelesaikan perkara itu. Sunan Kalijaga lalu membawa Ki Pemanahan menemui Sultan Hadiwijaya di Kadipaten Pajang. Sunan Kalijaga menanyakan apa alasan Sultan Hadiwijaya tidak segera memberikan bumi Mataram. Sultan Hadiwijaya tidak berani berdusta pada gurunya, baginda lalu berterus terang.

Mataram belum diberikan kepada Pemanahan sebab Sultan Hadiwijaya khawatir tentang perkataan Sunan Giri. Bahwasanya di bumi Mataram akan adaraja besar seperti di Pajang. Sunan Kalijaga meminta Pemanahan mengucapkan sumpah setianya pada Sultan Hadiwijaya, Sunan Kalijaga menjadi saksi. Ki Pemanahan bersumpah setia pada Sri Sultan, tetapi tidak bisa menjanjikan setelah dirinya.

Sultan Hadiwijaya lega penggalihe midhanget prasetyane Ki Pemanahan. Sultan Hadiwijaya nyendikani dhawuhe Sunan Kalijaga. Bumi Mataram diparingake marang Pemanahan. Sabanjure, Pemanahan atur uninga marang Ki Juru Mertani manawa bumi Mataram wis diparingake. Ki Pemanahan sakaluwargane kabeh bebarengan sowan Sultan Hadiwijaya saperlu nyuwun pamit.

Ki Pemanahan sakaluwargane wus ninggalake Kraton Pajang tumuju Desa Mataram. Maneka warna ubarampening kartiyasa kanggo bebadra pomahan lan sarananing tetanen ora keri. Klasa, kasur, guling, bantal, lan barang-barang liyane dipikul lan digotong bebarengan gontang-ganti. Pemanahan sarombongan tumuju Pengging. Goteking carita, panjenengane nalika sare pikantuk *lailatul qadar*.

Sri Sultan Hadiwijaya lega mendengar sumpah setia Ki Pemanahan. Sri Sultan Hadiwijaya menuruti perintah Sunan Kalijaga. bumi Mataram diberikan kepada Pemanahan. Selanjutnya, Pemanahan memberitahukan kepada Ki Jurumertani bahwa bumi Mataram sudah diberikan. Ki Pemanahan dan seluruh keluarganya bersama-sama menghadap Sultan Hadiwijaya untuk mohon diri.

Ki Pemanahan dan seluruh keluarganya sudah meninggalkan Keraton Pajang menuju Desa Mataram. Beraneka macam peralatan pertukangan untuk membangun perumahan, tidak ketinggalan sarana pertanian. Tikar, kasur, guling, bantal, dan barang-barang lainnya dipikul dan digotong bersama-sama bergantian. Pemanahan dan rombongan menuju Pengging. Menurut carita, sewaktu dirinya tidur mendapat *lailatul qadar*.

Ing Desa Taji, Pemanahan sarombongan disugata sega salawuhe dening Ki Gedhe Karanglo. Wusanane, Ki Pemanahan sakaluwargane tekan bumi Mataram. Lemahe rata, jembar, lan subur. Duwe pesisir lan gunung, banyune wening, akeh panggonan asri kanggo papan wisata. Ki Pemanahan sakaluwargane padha milih lemah lan bebadra omah kanggo papan panggonan.

Mataram sangsaya subur makmur. Wong manca padha teka manggon ing Mataram. Akeh kang dadi among tani amarga sawernaning tanduran gampang tuwuh lan dadi. Ananging, Ki Pemanahan tansah kelingan karo ngendikane Sultan Hadiwijaya marang Sunan Kalijaga. Wecane Sunan Giri, mbesuk ing Mataram ana ratu agung kaya ing Pajang.

Awit ananing weca (ramalan) mau, Ki Pemanahan tansah gentur anggone tapa brata. Ki Pemanahan nulada lan nerusake naluri leluhure kang tansah nindakake tapa brata. Wondene kang disuwun marang Gusti, tedhak turune dadiya ratu ing tanah Jawa. Ratu kang turun tumurun sawangsane, sinartan asma kuncara ngambar arum ring jagad.

Di Desa Taji, Pemanahan dan rombongan dijamu nasi beserta lauk pauk oleh Ki Gedhe Karanglo. Akhirnya, Ki Pemanahan dan keluarganya sampai di bumi Mataram. Tanahnya datar, rata, luas, dan subur. Memiliki pantai gunung, airnya jernih, banyak tempat indah untuk tempat pariwisata. Ki Pemanahan beserta keluarganya memilih tanah dan membangun rumah untuk tempat tinggal.

Mataram semakin subur makmur. Banyak orang mancanegara datang bertempat tinggal di Mataram. Banyak yang menjadi petani, sebab segala tanaman mudah tumbuh. Akan tetapi, Ki Pemanahan selalu teringat perkataan Sultan Hadiwijaya kepada Sunan Kalijaga. Sunan Giri meramalkan, kelak di Mataram akan ada raja besar seperti di Pajang.

Karena adanya ramalan itu, Ki Pemanahan selalu keras menjalani tapa brata. Ki Pemanahan mencontoh dan meneruskan kebiasaan leluhur yang selalu menjalani tapa brata. Adapun yang dimohon pada Gusti, anak keturunannya jadilah Raja di tanah Jawa. Raja yang turun-temurun sekeluarganya disertai nama yang termasyur harum menyebar di dunia.

Biodata

Penulis:

Drs. Anung Tedjowirawan, M.A. lahir di Boyolali pada 28 Desember 1954. Ia seorang Pensiunan Dosen Prodi Sastra Jawa, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada. Tulisan-tulisan ilmiahnya dimuat, di antaranya, di Berita Nasional, Minggu Pagi, Kedaulatan Rakyat, Mekar Sari, Buana Minggu, Panji Mas, Majalah Belik (majalah digital Jawa), Badrawada, Humaniora, Jumantara (Jurnal Manuskrip Nusantara), Jurnal Jantra (Balai Pelestarian Nilai Budaya), dan Proseding Seminar Nasional-Internasional. Ia juga membuat puisi dan geguritan naratif yang bercorak historiografi. Karyanya, di antaranya, dimuat di Guru Daksina dan Seragam Beragam (Antologi Puisi Dosen FIB UGM).

Ilustrator :

Banuarli Ambardi, lahir 19 Maret 1954, komikus sekaligus ilustrator. Karya-karya ilustrasinya banyak menghiasi media baik media bahasa Jawa maupun media bahasa Indonesia. Ilustrasi media bahasa Jawa antara lain, Majalah Djaka Lodang, Mekar Sari, tabloid Jawa Anyar, Nila Kandhi, Pagagan, Sempulur dan Mentaok. Ilustrasi dalam media berbasis Indonesia antara lain, Sinar Harapan, Bobo, Gatutkaca, Wawasan, Harian Yogyakarta, Putra Kita, Ceria. Sedang untuk karya komik, sudah lumayan banyak buku komik yang diterbitkan dengan penerbit-penerbit yang berbeda. Antara lain, Satra Kumala (serial Super Hero Indonesia, dengan tokoh Herbintang), Maranatha (serial Superhero Indonesia, dengan tokoh Untara), Classic Comic Malaysia (Seri Kisah Benar, menampilkan tokoh-tokoh pahlawan Sejarah Islam), Harian Yogyakarta (Megantara, Serial Superhero Indonesia). Dan lain-lain

Penyunting :

Nur Ramadholi Setyaningsih, lahir di Sleman pada 25 Juli. Pernah menyunting beberapa naskah cerita pendek. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY. Dapat ditemui di kantor dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta; telepon (0274) 562070; posel nurramadhonis@gmail.com.





UTAMAKAN
Bahasa Indonesia
LESTARIKAN
Bahasa Daerah
KUASAI
Bahasa Asing

MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Setelah wafatnya Sultan Trenggana di Kasultanan Demak, maka timbul perebutan kekuasaan antara Adipati Jipang, Arya Penangsang melawan Adipati Pajang, Sultan Hadiwijaya. Lewat orang suruhannya, Arya Penangsang membunuh Sunan Prawata dan Pangeran Hadiri. Hal itu menyebabkan Ratu Mas Kalinyamat bersumpah untuk bertapa brata telanjang sampai Arya Jipang terbunuh. Adipati Pajang menyanggupkan diri dan membuat swayambara yang dapat membunuh Arya Jipang akan dianugerahi bumi Pati dan Mataram. Ki Juru Mertani yang menyuruh Ki Pemanahan dan Ki Penjawi menjalani swayembara itu berhasil menjebak Arya Jipang sehingga terbunuh dalam peperangan. Namun Sultan Hadiwijaya belum memberikan bumi Mataram, karena menurut ramalan Sunan Giri, di Mataram akan ada raja besar seperti Pajang. Dengan mediasi Sunan Kalijaga yang meminta kesetiaan Ki Pemanahan terhadap Sultan Hadiwijaya akhirnya bumi Mararam diserahkan kepada Ki Pemanahan. Mulailah Ki Pemanahan bersama saudara-saudaranya dari Sesela berpindah ke bumi Mataram membangun bumi Mataram.

ISBN 978-602-259-924-1 (PDF)



9 786022 599241



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023